

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung deskripsi dina pangajaran saméméhna, luyu jeung rumusan pasualan anu dipedar dina BAB I, bisa dicindekkeun opat hal, nyaéta:

- 1) Kamampuh pamilon atikan kelas X IPA 1 SMA Negeri 9 Bandung kana carita babad saméméh ngagunakeun aplikasi *Quizizz* rata-rata kagolong handap (53 %).
- 2) Kamampuh pamilon atikan kelas X IPA 1 SMA Negeri 9 Bandung kana carita babad sabada ngagunakeun aplikasi *Quizizz* rata-rata kagolong luhur (94,44%). Sanggeus dibéré *treatment* ngagunakeun Aplikasi *Quizizz*, peunteun pamilon atikan dina pangajaran carita babad ngaronjat (41,44%), tina peunteun tés awal ngan 19 (53%) anu ngahontal KKM, dina tes ahir ngaronjat jadi 34 urang (94,44%) anu ngahontal KKM.
- 3) Aya béda signifikan dina hasil diajar pangajaran Carita Babada nu teu ngagunakeun Aplikasi *Quizizz* jeung anu ngagunakeun Aplikasi *Quizizz*. Dumasar kana uji hipotésis kapanggih $t_{itung} (5,57) > t_{tabél} (2,86)$, hipotesis alternatif (H_a) ditarima. Hartina aya béda signifikan antara hasil diajar pamilon atikan kelas X IPA 1 SMA Negeri 9 Bandung dina

pangajaran basa Sunda materi Carita Babad saméméh jeung sabada ngagunakeun Aplikasi *Quizizz*.

- 4) Réspon pamilon atikan ogé *satuju* kana pangajaran Carita Babad ngagunakeun aplikasi *Quizizz* kagolong alus lantaran ngarasa babari diajar carita babad jeung gancang kapahamna.

5.2 Saran

Luyu jeung hasil panalungtikan, aya sababaraha saran anu diébréhkeun ku panalungtik pikeun ngaronjatkeun hasil diajar pamilon atikan dina pangajaran basa Sunda hususna dina materi carita babad. Saran-saran éta téh baris dipérelékeun ieu di handap.

- 1) Tina hasil panalungtikan ngeunaan hasil diajar di kelas X IPA 1 SMA Negeri 9 Bandung dina carita babad, ditétélakeun yén hasil tés awal jeung tés ahir téh aya béda anu signifikan. Ku kituna, panalungtik ngarékoméndasikeun ka guru-guru basa Sunda sangkan ngagunakeun média pangajaran anu kréatif nalika ngayakeun evaluasi. Ari sababna, pangajaran ngagunakeun aplikasi *Quizizz* bisa ngaronjatkeun hasil diajar tur dipaké dina pangajaran Daring jeung Luring.
- 2) Guru-guru basa Sunda kudu parigel dina milih jeung nangtukeun média, aplikasi pangajaran, métode jeung modél pangajaran dina ngajarkeun basa Sunda. Ieu hal pikeun ngirut minat pamilon atikan dina diajar basa Sunda.
- 3) Ieu panalungtikan masih loba kakuranganana. Ku kituna, panalungtik miharep ayana panalungtikan ngeunaan kaunggulan aplikasi *Quizizz*

Mega Rahayu, 2021

APLIKASI QUIZIZZ DINA PANGAJARAN CARITA BABAD
(KUASI ÉKSPÉRIMÉN DI KELAS X IPA 1 SMA NEGERI 9 BANDUNG)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

pikeun ngaronjatkeun hasil diajar pamilon atikan hususna dina pangajaran basa Sunda.